Edisyon pou lekti | 2026-11-20

IA pratik nan sèvis finansye — Estrateji

Harbour Think Tank, Caribbean AI Association, under the leadership of Adrian Dunkley | 2026-11-11

Edisyon lekti abreje dokiman Harbour Think Tank nan Caribbean AI Association prepare sou direksyon Adrian Dunkley. Li sèvi ak revizyon 11 novanm 2026 la epi li kenbe dis pwopozisyon yo ak limit aksyon yo.

Edisyon lekti abreje dokiman Harbour Think Tank nan Caribbean AI Association prepare sou direksyon Adrian Dunkley. Li sèvi ak revizyon 11 novanm 2026 la epi li kenbe dis pwopozisyon yo ak limit aksyon yo.

Kiyès ki deside

Ekip ki prepare desizyon pou yon bank separe done, estimasyon ak jijman. Responsab la konsève otorite sou priyorite, bidjè ak angajman.

Dis itilizasyon ak kontwòl yo

01. Rejis sipozisyon. Mare chak deklarasyon ak pasaj ki depann de li. Responsab la separe reyalite, estimasyon ak sipozisyon epi li chwazi fason pou verifye yo. Nivo 1.

02. Bezwen kliyan. Gwoupe rezilta etid otorize ak dat, popilasyon ak metòd. Chèchè a kenbe kontradiksyon yo epi montre kote prèv demann manke. Nivo 0.

03. Deklarasyon piblik konkiran. Konpare antite, peryòd ak definisyon pou chak chif. Make mezi ki pa konparab epi kenbe paj sous la. Nivo 1.

04. Konpare inisyativ. Sèvi ak kritè apwouve sou pwopozisyon ki konparab. Responsab la note jijman li. Yon nòt pa prevwa pwofi. Nivo 0.

05. Senaryo. Teste menm pwopozisyon an nan kondisyon diferan ekip la chwazi. Finans ak risk verifye sipozisyon yo. Senaryo sèvi pou diskite. Nivo 0.

06. Egzamen yon dosye envestisman. Chèche demann san prèv, depans yo bliye ak benefis yo konte de fwa. Site paj la epi voye kesyon bay finans. Nivo 1.

07. Depandans egzekisyon. Note acha, done, desizyon ak espè chak etap mande. Moun responsab yo verifye lyen yo anvan yo anonse yon dat. Nivo 1.

08. Dosye pou konsèy. Rezime desizyon yo mande a, lòt opsyon ak sous yo. Sekretarya a kenbe dezakò ak kesyon ki poko rezoud. Nivo 0.

09. Suivi benefis. Konpare rezilta ak baz ki apwouve a. Responsab la tcheke chanjman denominatè epi separe travay fini ak efè yo mezire. Nivo 1.

10. Swivi regilasyon. Mete piblikasyon ofisyèl, konsiltasyon, tèks final ak dat aplikasyon nan yon lis. Yon espesyalis chwazi sa ki mande egzamen. Nivo 1.

Prepare epi valide yon tès

Nan nivo 0, asistan an reponn yon demann epi yon moun fè chak etap. Nan nivo 1 li rasanble eleman otorize epi prepare yon bouyon. Li pa voye mesaj oswa chanje sistèm. Dosye tès la dwe gen sous, vèsyon enstriksyon, pèmisyon, moun k ap verifye ak kondisyon pou kanpe.

Pou rejis la, itilize sous restrenn ak kolòn pou kategori, paj, responsab konfime ak kondisyon pou reouvri dosye a. Konpare etid ki pa dakò, chanje yon pwa nan matris la epi teste yon depandans sikilè. Konte deklarasyon san prèv ak lyen ki rate. Kanpe si asistan an atribye lajan.

Mezi ak limit

Konpare travay ki sanble ak pwosesis aktyèl la. Note kantite ka, tan preparasyon, verifikasyon ak koreksyon, gwo echèk, pèmisyon ak pwoblèm konfidansyalite. Konte lisans, entegrasyon, fòmasyon, sipèvizyon ak depans chak ekzekisyon lè sa aplikab. Nòt yo ede chwazi tès. Piblikasyon an pa rapòte retou yo mezire nan yon enstitisyon. Dokiman konplè a gen enstriksyon inisyal, egzanp zouti, konpetans ak metòd pou chak ka.

Referans

[1] Caribbean AI Association. Think Tanks. Harbour programme remit. Accessed 26 October 2026.

[2] Caribbean Development Bank. 2026. Caribbean Economic Review and Outlook 2025–2026. Notes, page 8; Borrowing Member Country economic performance, page 12 and footnote 1. Preliminary 2025 data; information available at 16 February 2026.

[3] United Nations Development Programme. 2026. Foresight for Strategic Planning Toolkit. Horizon scanning, pages 16–17; scenarios, pages 56–57; strategy testing, pages 106–108.

[4] Office of the Information Commissioner, Jamaica. Data Protection Standards. Accessed 26 October 2026.

[5] Agent Skills. Agent Skills Overview. Accessed 10 November 2026.

Edisyon kout sa a mache ak tout tèks orijinal la ann anglè.

Edisyon anglè a (PDF)